Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1 MILYON DOLA FINANSMAN POU SENK KONTE NAN REJYON NO ETA A POU DEVLOPE PLAN REZILYANS AK KONBAT CHANJMAN KLIMA

Rekonpans pou Ede Devlope Plan Inovativ, Rezilyans Jeneral pou Pi Byen Prepare pou ak Rekipere nan Evènman Meteyo Ekstrèm

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke senk konte pral resevwa sibvansyon pou yon total 1 milyon dola pou konbat chanjman klima ke moun lakoz. Sibvansyon an pral sèvi pou ede konte yo devlope plan rezilyans pou yo pi byen prepare pou, ak rekipere efikasman nan ka evènman meteyo grav nan yon epòk loraj ak riks meteyo grav ap ogmante.

Men senk konte ki resevwa sibvansyon yo: Albany, Genesee, Orange, Sullivan ak Tompkins.

“Ak move tan enprevizib k ap vin reve pi souvan, nou pa ka pèmèt nou rete tann pwochen loraj la rive avan nou travay pou pwoteje kominote nou yo ak enfrastrikti nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede konte atravè New York devlope plan pou prepare pou move evènman meteyo dezas ki pral rive epi pwoteje moun New York kont kèk ramifikasyon enprevizib chanjman klima ke moun lakoz.”

“N ap envesti nan pwojè ak pwogram pou konbat menas chanjman klima epi asire nou ke kominote yo prepare pou evènman meteyo ekstrèm”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a ki pou konte ki nan rejyon nò New York pral sipòte plan sipò rezilyans inovatif ak asire pwoteksyon moun New York.”

Finansman 1 milyon dola a, ke Pwogram Kwasans Entèlijan (Smart Growth Program) Fon Pwoteksyon Anviwònmantal Eta (State Environmental Protection Fund), ke konte yo pral sèvi pou kreye yon pwojè kanalizasyon pou pwoteje pwen dlo, kot ak enfrastrikti esansyèl, ogmantasyon rezilyans kont inondasyon nan kominote yo. Pwogram sibvansyon an baze sou Inisyativ Rekonstriksyon Kominote NY Rising ke Gouvènè a (Governor's NY Rising Community Reconstruction Initiative) te mete sou pye apre Sipètanpèt Sandy te pase, sa ke Ash Center Harvard Kennedy School te rekonèt antanke Inovasyon nan Gouvènman (Innovation in Government) pami Dis Premye pwogram inovatif an 2015.

Chak konte pral sèvi ak sibvansyon an pou devlope plan rezilyans ak idantifye pwojè tandiske y ap enkòpore prensip entèlijan, kwasans dirab ak devlopman. Plan ke sibvansyon an finanse a pral abòde:

- Yon ogmantasyon nan frekans ak gravite loraj ak evènman presipitasyon;
- Nivo lanmè a k ap monte;
- Ond tanpèt;
- Inondasyon kot ak rivaj;
- Sechrès; ak
- Anbouteyaj debri ak klas.

Yo te anonse Pwogram Sibvansyon Kwasans Entèlijan an Desanm 2016 nan konferans Devlopman Dirab ak Gouvènans Kolaboratif (Sustainable Development and Collaborative Governance) Gouvènè Cuomo a. Nan evènman an ak nan nèf lòt konferans anplis atravè Eta a, panelis ak oratè nan chak rejyon yo te diskite fason diferan ke kominote yo te abòde devlopman dirab ak rezilyans kominotè. Katòz kote te aplike pou konpetisyon sibvansyon an, men senk konte ki genyen yo te fè pi gwo nòt.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Pwogram Kwasans Entèlijan New York la asire ke kominote atravè eta a gen resous pou konbat chanjman klima. Ak sibvansyon sa yo, senk kote sa yo pral kapab pi byen planifye pou evènman katastwòf ak pwoteje rezidan ak biznis yo”.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal a (Department of Environmental Conservation), Basil Seggos, te deklare, “Rekonpans yo te anonse jodia pral bay kominote sa yo resous, sipòte rezilyans yo fas ak klima nou an k ap chanje. Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, kominote New York yo gen zouti ak resous pou prepare pou klima nou an k ap chanje epi o pozisyone pou pi byen pwoteje sitwayen nou yo, enfrastrikti piblik, bilding, ak lòt byen. Alòske gouvènman federal la inyore aktivman difikilte ki gen rapò ak klima nan kominote nou yo, New York ap travay pou li pwoteje sitwayen nou yo ak envestisman piblik nou yo kont evènman meteyo ekstrèm ki anrapò ak klima ansanm ak danje inondasyon”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal), te deklare, “Kominote rivaj, kot ak basen vèsan ap fè fas ak risk evènman meteyo ekstrèm ak inondasyon. Pandan Gouvènè Cuomo ap raple nou, ke pwochen move loraj la ka rive demen. Planifikasyon ak preparasyon pou evènman sa yo pi enpòtan plis ke jamè epi rekonpans sa yo pral ede kominote yo adopte yon apwòch jeneral pou prezève ak pwoteje lavi, pwopriyete, kominote, ak komès”.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services), Roger L. Parrino, Sr., te di, “Inondasyon se risk nimewo en New York epi fon sa yo pral ede konte sa yo amelyore rezilyans yo kont evènman meteyo ekstrèm ki pral vini”.

Stephen Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties), te deklare, “Lidè Konte atravè New York toujou ap chache fason ki nouvo ak efikas pou pwoteje rezidan kont pwochen evènman

meteyo ekstrèm nan. Pwogram sibvansyon Kwasans Entèlijan Gouvènè Cuomo a bay konte yo resous anplis pou ranfòse rezilyans kominote yo epi kreye yon avni ki pi dirab".

Egzekitif Konte Albany an, Dan McCoy te di, "Gouvènè Cuomo te mennen nasyon an nan batay kont chanjman klima a. Nan yon epòk kote move tan ak meteyo enprevizib ap ogmante, pwoteje kominote nou yo ak enfrastrikti pi enpòtan pase sa te janm ye anvan. Fon sa yo pral asire ke konte ki anba gwo risk prepare yo kont pwochen evènman ekstrèm meteyo".

Prezidan Lejislati Konte Genesee Robert Bausch te deklare, "Pwogram sibvansyon Kwasans Entèlijan te bay kèk konte pami kèk nan Eta nou resous yo bezwen pou asire ke yo pare pou pwochen evènman meteyo ekstrèm. Nou pa ka janm sèten ki lè pwochen move tanpèt dezas la pral frape. Ak finansman sa a pou konstwi kominote ki pi rezilyen ak konbat kont efè katastwòf, Gouvènè Cuomo ap kreye yon New York ki pi dirab pou tout mou".

Chèf Egzekitif Konte Orange, Steve Neuhaus, te deklare, "Nou dwe konstwi kominote nou yo ak enfrastrikti yon fason pou li reziste ak tanpèt puisan. Finansman sa a se yon fason enpòtan pou kominote nou yo rete pare pou fè fas ak evènman ekstrèm meteyo enprevizib k ap ogmante. Mwen apresye opòtinite travay ak Gouvènè Cuomo sou sa a ak lòt inisyativ pou asire etablisman piblik nou yo ak kay nou yo kont evènman ekstrèm".

Prezidan Lejislati Konte Sullivan lan, Luis A. Alvarez te deklare, "Preparasyon resous natirèl ak enfrastrikti pou reziste ak rekipere nan move tan ekstrèm se yon bagay esansyèl nan ekonomi Eta nou an. sibvansyon sible eta sa yo te revele ke yon se estrateji esansyèl pou ede kominote nou yo pwoteje kay yo ak enfrastrikti kont domaj loraj. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo lefèt ke li rekonèt nan ki fason chanjman klima ka afekte meteyo a nan fason konsiderab epi pou lefèt ke l ap travay pou jenerasyon k ap vini yo nan New York ak kominote nou yo".

Martha Robertson, Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, te deklare, "Ke w 'kwè ladann' ou pa, chanjman kliman deje mennen sou evènman meteyo enprevizib ak destriktif, k ap frape fèm nou yo, vil, kay ak enfrastrikti nou. Pandan gouvènman federal la ap kontinye inyore responsablite li pou abòde efè k ap kontinye ogmante chanjman klima moun lakoz, New York ap akselere pwogrè li nan direksyon yon eta ki pi rezilyan. Ak fon sa yo, Gouvènè Cuomo ap asire ke kominote nou yo pral jwenn pwoteksyon kont domaj ke evènman enprevizib sa yo lakoz".

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU